# Huqal Bukaa'u

1- Amna sang yu baax yoo xam ne bu ñu faatoo, yell na ñu jooy leen, Ndax ñoom asamaan yi da leen di jooy, suuf yi da leen di jooy, ngir seenug mbaax ak seenug tedd, ñoom sang yooyu.

2- Maa ngi leen di jooy, di yaakaar ci jooy yi ngërëmal Yàlla bu ëllëgee, Yàlla ma nga xam ne ñoom dañoo fàddu jëm ci moom, ci ay neexiit yoo xam ne sunu Boroom dana leen ko terale.

3- Am naa aw tiis lool ci ñàkk gi nuy ñàkk kilifa yu baax yooyu nga xam ne dañoo fàddu jëm ci sunu Boroom moo leen woo teg leen ci ay warab yu kawee kawe.

4- Sang yooyu seenug mbaax tax na guddi yi ak weer yi dañu leen di jooy, ak suba yi akngoon yi, jooy yu ànd ak njàqare.

5- Ñooñu ay jaami Yàlla lañu yoo xam ne, dañoo saxoon dàkk

ci topp Yàlla. Waaye it Yàlla nekkal leen di leen xéewalal ak

di leen taxawu ci seen lépp.

6- Gaa ñu baax ñooñu dañoo jàppe bàyyi wird, ak regg ci lu

lew mu bokk ci yiy indi musiba.

7- Daa nañu def saa bu guddi jotee ba lépp ne tekk lëndëm

gi tàbbi, ñépp nekk ci seen i lal yu nooy fasyéene nelaw ñu

gaaw jóg ngir dundal guddi gi, ci ag jaamu Yàlla.

8- Dañoo jaay ay caaxaan jënde ko ag tudd Yàlla mi leen bind

jaay seen i nelaw jënde ko ag déyaale ak Yàlla.

9- Seen wet ya day wow ngir seenug ñàkk a tëdd guddi, dañuy

fàtte Salmaa ak Laylaa ci seen i mbégte.

10- Saa su Laylaa feeñale ab taaram, duñu ko faale dañuy wan

ginnaaw taaram boobee, fasyéene jëm ci Yàlla ak topp ko.

11- Dañuy fàtte Laylaa fàtte Suhdaa ci seen i taxawaay daal di fasyéene wéettalikoo Yàlla, ci tudd ko ak jàng Alxuraan.

12- Seen waxtaan mooy di tudd Yàlla, waaye duñu waxtaane jongama ak àdduna.

13- Aw nit lañu ñoo xam ne dañoo noot seen i noon ci ay ngànnaay, moo tax sunu Boroom kaweel leen jox leen ay may ak i xar-baax.

14- Nit ñu baax ñooñu ñent yii ñooy kenoy seen néeg ba, te keno yooyu ñooy sos ag wilaaya.

15- (1) Noppi ci lu amul njariñ, (2) xiif bu yàgg te Yàlla rekk tax, (3) fog maanaam ñàkk a nelaw guddi (4) beru gu ànd ak jël i ndigal ci sëriñ si.

16- Seen yoon wa ñu ne, yoon la woo xam ne murit bu ca tegu,

ñu fegal ko lor guy bàyyikoo ci aji-fétterlu ji te it Muriit bu ca tegu dina mucc ci xeeti woru yépp.

17- Seen yoon wa mooy ag jublu Yàlla kepp, ci lu dul benn bànneex, ñu boole ca it cosaan yii nga xam ne dafay dàq ay caay-caay, ak lépp lu dul noonu.

18- Ñoom li ñuy jëfandikoo la ca jiitu mooy tuub fas-yéenee summiku ci lépp luy xeetu moy gu ñu mas a def, gu mag ak gu ndaw, daal di dëgmël Yàlla, dañuy ragal Yàlla ngir mbugalam

mu tar dañu ciy boole it yaakaar yërmandeem, bari

lu ñuy jàq ci lu sax, dañuy doyloo Yàlla ci lépp.

19- Dañuy dëddu lépp luy jeex, waaye itam dañuy sàmm lool seen digg ak seen Boroom. Ñu boole ca itam wakkiilu ci

Yàlla wéer Ko seen lépp ak di muñ saa su nekk.

20- Dañuy xeex ak seen bakkan ak di sant Yàlla ci ay dogalam

ak di Ko gërëm itam, bàyyee geestu biri bindeef yi te dëgmël Yàlla.

21- Yoonu gaa ñu baax ñi, bépp taalibe boo xam ne bëgg na caa sóobu, fukki bir a ngii yoo xam ne manul a ñàkk a taqoo ak ñoom.

22- [1]Mu am ab jubluwaay (boo xam ne mooy yeggale ci ab tukki)

[2]aji-tegtal (koo xam ne jaar na ci yoon wi ba xam ko di ko ko wan niki sëriñ bu am ug ubbeeku ci Yàlla).

23- [3]Ab yóbbal (ku sóobu ci yoonu Yàlla manul a ñàkk ub yóbbal bu mu yor ci yoon wi, yóbbal ba nag moo di ag ragal Yàlla) ragal Yàlla mooy topp ndigal yi bàyyi tere yi te sax ca

te Yàlla rekk tax.

[4]Ngànnaay (ku sóobu ci yoonu Yàlla manul a ñàkk ngànnaay loo xam ne ci lay aare boppam ci lépp lu koy song, lu ko bëgg a dog ci yoon wi) loolu nag mooy njàpp mi koy dàqal sobe yi (taqoo ak laab)

24- [5]Làmp (bu muy niitoo ci yoon wi ngir xam fu muy aw; làmp boobu moo di ag tudd Yàlla gu muy taqoo di ko def saa su ne)

- jàng Alxuraan tudd Yàlla la
- jàng xasiida tudd Yàlla la
- julli ci Yónnent bi (SHW) tudd Yàlla la añs.

[6]Waruwaay (ku sóobuci ab tukki manut a ñàkk war dara ; ku sóobu ci yoonu Yàlla la muy war mooy yitte yu kawe yi, jépp yitte ju kawe rekk da cay fas-yéene

yegg).

25- [7]Ab dokk (Yat woo xam ne moom lay dëgërloo ci ab doxam,

dokk boobu moo di ag lott ak ug tële, gu muy wane ndax sunu Boroom yërëm ko ba dimbali ko)

[8]Laxasaay (manula ñàkk a laxasaayoo dara ngir tukki bi laxasaay ga mooy way deng ci mbir mu nekk mu fasyéenee yegg ca dayo ba dëgg dëgg).

26- [9]Am ngir (ku sóobu ci yoonu Yàlla fàww mu jaar ci aw yoon, yoon woowa mooy Sariiha ci ag tàmbali ak ci ab dayo).

27- [10]Ay àndandoo (àndandoo yi ñoo di bokki taalibe yoo xam ne dañoo am yitte)ñu doon ñoo xam ne dañuy matale kóllare, dëggu lool ci bokkoo gi ñu bokkoo ak moom ngir sóobu ci yoonuYàlla).

28- Ku nekk ci ñoom sang yooyu boroom daraja la buy fegal

taalibe bi saytaane mi fétterlu tey boroom ug mbewte.

29- Ku ne ci ñoom (nit ñu baax ñooñu) ab sëriñ la, boroom xam-xam la, ku sàmmu la. Am na ci ñoom ñoo xam ne dañuy yare, ci jox taalibe yi ay sikar (moo xam dogi Alxuraan la walla ay turi Yàlla) Dinañu yare it ci HAAL (dañuy yor melokaan woo xam ne taalibe bi bu leen gisee rekk da ciy defaroo ngir niñu mel du soxla ñuy wax benn baat seeni taalibe).

30- Am na ci ñoo xam ne dañuy tarxiya ci HAAL kese (yéegal xolub taalibe bi ba mu mane ak sunu Boroom ci seen melokaan rekk)

Mu am ci ñoo xam ne it dañuy tarbiya di tarxiya ci ay

junj (digle ak tere).

31- Ñoom dañoo xam xol yépp lu koy saafara (ni doktoor yi xame jëmm yi lu leen di faj,ñoom noonu lañu xame xoli nit ñi, xol bu ñëw ci ñoom lumu tilim tilim xam nañu nañuy jëflante ak moom ba xol booba sell). Moo tax dañuy fegal taalibe yi xeeti texeedi yépp.

32- Ku ne ci ñoom ku tedd la, ku ragal Yàlla la, boroom ug njub

la, ku tabe la. Ñoom dañuy wéyal ak laabire ci mbooleem bindeef yi (njariñ luñu xam rekk baaxe leen ko).

33- Ñoom de aw nit lañu woo xam ne, bépp cér bu bakkan man a am ci ñoom daal di nañu koy dindi ba mu set, ci ag ragal Yàlla lañu koy dindee ba bakkan manul a am ci ñoom benn cér. (Ay xam-xam yu bari da leen di dikkal yu bàyyikoo ca sunu Boroom muy xam-xam yu tedd, yu kawe,

di xam-xam yoo xam ne jàng rekk du ko maye, waaye sunu Boroom moo leen ko jagleel di leen ko sotti.)

34- Ñoom dañuy wane yoonu Yàlla ba mu leer nàññ gaa ñi nga xam ne ay way-jub lañu te bëgg a tege ca yoon wa, dañu leen cay teg wan leen ko ba mu leer nàññ ca ñoom, ñu boole ca nag di leen sottiy may ak i leer yu baree bari bay saawaan ak a baawaan.

35- Ku ne ci ñoom daa am yitte ju mu teg bët, yitte jooja nag mooy tax muy man a yegg ca sunu Boroom (maanaam yitte ji mu am moo koy yéegal mu dem ca sunu Boroom) sunu Boroom di leen ubbil ay bóot yu baree bari, yoo xam ne umpe na.

36- Ñoom dañuy gis yu nëbbu yi (ci seen gëti xol lañu koy gise) mu doon lu fés leer nàññ ci ñoom. Niki ñuy gise la nga

xam ne dañu koo denc ca suturlukaay ya, kenn xamu ko

ñoom loola dañu koy gis.

(Xol nag dafa am i gët niki ñu xame gët yii nu gis ci lu feeñ)

Ndax sëriñ bi day wax ne : « Gët yi moom li koy fatt ku ne xam

na ko, waaye gëti xol li koy fatt mooy di xalaat ci lu ñu tere ak lu

ñu sib ak yu ñaaw »

37- Fu ñu man a jëm dañuy ànd ak ug leer, gu mel ni leerug

jant bi, jépp jëmm joo xam ne sàkku naa niitu ci ñoom am

ci seeni leer, dinañu ko cëral lu doy sëkk, ca leer ya.

38- Gaa ñu baax ñi, dañuy fàddu mbooleem bindeef yi, jëm

ca sunu Boroom seen jëmm a fiy nekk waaye seen xol du fi

nekk, ca Yàlla rekk lay aju. Ñu nekk woroomi leer yu màgg,

bariy bóot lool ci xeeti kumpa yi.

39- Ñoom dañuy fóot bépp tër boo xam ne man naa tilimal xolu taalibe bi, dañu koy fóot ba mu set ci xol bi, ni nga xamee
ni fóotkat bi ni lay deñale sobe ca sér ya muy fóot. Noonii lañuy fóote bépp tilim bu man a gàllankoor taalibe bi.

40- Ñooñu ñooy nit ñu baax ña nga xam ne kenn du toogaale ak ñoom di texeedi, ndax ñoom dañuy fàggul taalibe yi ag texe.

41- Ñoom gaa ñu baax ñooñu bépp jaam boo xam ne doon nga seen ub taalibe bu dëggal ci di leen liggéeyal walla sopp leen, walla di leen jox àddiya texe ñeel na la.

42- Xeeñtu gi ñu doon xeeñtu yoonu Yónnent bi SHW ak um njàngaleem, ame nañu ca ay daraja yu màgg a màgg.

43/44- xeeñtu gi ñu doon xeeñtu njàngalem Yónnent bi SHW

topp sunnaam, jële nañu ca ay may yu bari yoo xam ne xalima

manu koo bind, làmmiñ manu koo nettali. Yal na Yàlla

dolli ci moom teddnga ci sépp saa .

45 Bokk na ci biri gaa ñu baax ñi, dañuy géeju ci xam-xamu

sariiha ak haxiixa ba la ñoo jéem a dugg ci naan dañuy tàggat

seen bakkan, ak a sóobu ci yoonu Yàlla.

46- ndax di jéem a jubale ak di jéem a tàggatu (xeex ak bakkan

ngir sóobu ci yoonu Yàlla) yooyu lu ci nit di def te

xam-xamu sariiha ak haxiixa jiituwu ko day waral ag woru

ak ug texeedi. Kon nit ki balaa wax ne damaa fasyéene xeex

ak sama bakkan sóobu ci yoonu Yàlla na fexe ba am yóbbal

bu mat sëkk ci xam-xamu sariiha ak haxiixa.

47- Bokk na ci seen i bir saa su wax taxawee walla jëf taxaw

dañu naan tekk duñu ca sóobu mukk lu dul ne dañoo xool mbir ma muy lu wér ci Alxuraan ak Hadiis.

48- Ñoom fu ñu toll dañuy taqoo ak ragal Yàlla miy seen Boroom. Jamono ja ñuy door a tàmbali di sóobu ci yoonu Yàlla ak jamono ja ñuy yegg ca Yàlla lépp dañuy ànd ak ragal Yàlla.

49- Bu dee ci jamonoy tàmbali gi nag ragal gu ñu ragal bàkkaar

moo leen di jàjji ba duñu moy Yàlla waaye bu ñu demee ba yegg ca Yàlla, màggug Yàlla gi lañuy teewlu, teewlu goo xam ne xalaatatuñoo def benn bàkkaar.

Niral bees ciy joxe : -day mel ne gone bu ñu ko dee tere dara di ko ca dóor mu bàyyi koo def ngir dóor ya, dem ba màgg gisatul ku koy dóor waaye mu xam ne lii jaaduwul ëpp naa def, mu di ko wattandiku…

50- Ñoom dañuy taqoo ak gotti bakkan ci lu dul genn ngistal, ngir xam gi ñu xam ne bakkan workat la, te pexekat la. Seen bakkan duñu ko booyal mukk saa su nekk dañu koy sonal ngir mu jëm ci ag sellal bañ a jëm ci ag ngistal.

51- Seen ug woyof tax na dañuy gis ne ñoo gën a yées ci bindeef yi. Dañuy jàpp it ni yelloowuñu genn karaama, benn xarbaax ñoom yelloowuñu ko seen digg ak seen Boroom.

52- Dañuy jàpp ne ñoo gën a kàccoore ci kàccoor yépp, jàpp ne yelloowuñu sax di ñaan Yàlla mu koy nangu, ngir ñàkk a gis dara ci seen bopp.

53- Dañuy taqoo ak muñ, mbooleem jeng gi nga xam ne moykat yi ñi ngi koy jeng jëme ci ñoom ci ay lor ak i musiba dañu koy muñ, te Yàlla rekk tax.

54- Saa su tooñkat yi jëlee ay lor teg ko ci seen kaw, dañuy

tuub dellu ci Yàlla, jàpp ne ñoom seen moy yu bari rek ak seen i bàkkaar moo waral li leen dal, dal leen. waaye duñu gis mukk ne tooñkat yii ñoo jubloo def lii.

55- Gaa ñu baax ñi waxtu wu nekk dañu daan tiit ak a jàq ci seen digg ak seen Boroom ngir xam gi ñu xam sañ-sañu sunu Boroom ak ay biram ni mu man a soppikoo. Man nañoo xalaat sax ne ndax yoon wii ñu ne ci la ñuy faatu di xalaat it ndax ñoom mel nañu na Yàlla bëgg ndax ñoom seen bàkkaar yii ñu tooñ seen Boroom, Yàlla jéggal na leen ko. Loolu njàqare la leen di yóbbe waxtu wu nekk.

56- Bokk na ci seen i jikko, dañuy ragal ag naaféq. Ag naaféq mooy: (di feeñal lu nekkul ci ñoom) ndax ag naaféq day teg nit ëllëg bis pénc gàcce gu rëy a rëy. Gàcceg ëllëg googu ñuy ragal nag, moo leen yóbbe bañu ragal ag naaféq ba duñu ca

aw mukk, duñu ko feeñal mukk.

57- Bokk na ci seen i bir dañuy toroxlul Yàlla, jamono ju nekk

waaye it dañuy dëggu, dañuy dëddu àdduna boole ca lépp luy gàkk-gàkk ñu yëg ne lu Yàlla soppul la ci seen jëmm.Ñu fas yéenee taxaw temm ci laabal ko, teqalikoo ak ñoom.

58- Bokk na ci seen i bir dañuy wéeru ci Yàlla jamono ju nekk.

Bu ñusoxlaa bëgg a ñoddi dara ci Yàlla lañu koy jaare, Yàlla lañu koy wékk mu may leen loolu. Saa su ñu bëggee jeñ dara mu jóge ci seen jëmm ci Yàlla lañuy wéeru mu dindil leen loolu. Jàmbat dañu koy jeexal tàkk duñu jàmbat menn mbindeef. Lépp ci Yàlla lañu koy wéer mu dimbali leen ca.

59- Xam-xam mooy seen màndarga, ag lewet mooy seen

mbaax waaye duñu woote mukk ay xar-baax walla ay maqaama.

Ku woote ay maqaama mbaa ay xar-baax seen yoon du ca nekk ba ñu koy weddi, ñoom daal seen bopp rekk lañu tal. Saa su nekk jàpp nañu ne lenni maqaama mbaa karaama nekkul ci ñoom.

60- Ñoo ngi am uw tiis, di jooy ci ñàkk gi ñu ñàkk sang yu baax yooyu nga xam ne seen uw yoon mooy yoonu Yónnent bi miy ngën ji mbindeef. (Ginnaaw ba mu tuddee Yónnent bi nag lamu ca teg ca ay bëyit yépp da koo jëmale ci moom)

61- Yal na Yàlla dolli teddnga ak jàmm moom mi nga xam ne moo yabal Yónnent bi te dolli ko ci ay àndadoom ak i ñoñam gaa ña nga xam ne dañoo texe ci ay àjjana.

62- Yàlla mi nga xam ne moo yónni Yónnent bi yal na dolli ci moom jàmm ak gën jaa selli xéewal, yoo xam ne nun ci

sunu bopp dinanu ca fegalaaleel mbooleem xeeti woru yi.

63- Yàlla mi nga xam ne moo bind Yónnent bi yal na dolli ci moom jàmm ak teddnga moom ak i ñoñam, ak i àndan98 doom gaa ña nga xam ne dañoo làq i ndam ci seen Boroom.

64- Yàlla mi nga xam ne moo moom Yónnent bi yal na dolli ci moom jàmm ak ngën jaa selli xéewal yoo xam ne dinanu ca làqee ay ubbiku yu baree bari ci sunu Boroom.

65- Yàlla mi nga xam ne moo wërsëgalal Yónnent bi lu mu am Moo ma, yal na dolli jàmm ak teddnga ci Yónnent bi ak i ñoñam ak i àndadoom gaa ña nga xam ne dañoo toroxlu woon jëm ci ag topp Yàlla.

66- Yàlla mi nga xam ne moo teral Yónnent bi yal na dolli ci moom jàmm ak gën jaa selli xéewal yoo xam ne nun dinanu ci làqey karaama.

67- Yàlla mi nga xam ne moo def Yónnent bi muy ab sang yal

na dolli ci moom jàmm ak teddnga moom ak i ñoñam ak i

àndandoomñoom ña nga xam ne am nañu ay jagle.

68- Yàlla mi nga xam ne moo teral Yónnent bi yal na dolli ci

moom jàmm ak gën jaa selli xéewal yoo xam ne dinanu ca

làqee ay wuñña. (wuñña mooy bóot ya nga xam ne sunu Boroom

da koo nëbbu du ko wan ku xolam sellul ci ay ayib. Ku

xolam sell ba mu ko koy wan loolu mooy ag wuñña.)

69- Yal na Yàlla dolli jàmm ak teddngaci Yonnent bimoom

mi nga xam ne mookojiital, jiital gu fés na ko dolli it ci

ay ñoñam. Jàmm ak teddnga gu bari lool ba toll ne limu

bindeef yi.

70- Yàlla mi nga xam ne moo yékkati Yónnent bi yal na dolli

ci moom jàmm ak gën jaa sell i xéewal te nu làqee ca ay yékkatiku.

71- Maa ngi am uw tiis ci ñàkk gi ma ñàkk sama sang yi nga xam ne wéy nañu dem ca seen Boroom, waaye ñu wéyaale, ay dexëñteef, yiw yu baree bari, yu ñu làq yóbbaale ko te mu yéeme lool.

72- Yónnent bi nga xam ne moom la Yàlla jiital tay ak ëllëg te mooy roytéefu gaa ñu baax ñi, Yàlla miy Aji-Gërëm yal na dolli ci moom ay xéewal, Yàlla moomu nga xam ne moo woo gaa ñu baax ñii ngir tase ak ñoom ba xéewalal leen.

73- Yónnent bi moom miy soppeb Yàlla, di doomi Abdul Laahi

tey sunu ub sang yal na Yàlla dolli ci moom xéewal, Yàlla miy Aji-Feg te fegal gaa ñu baax ñi wépp njàqare.

74- Yónnent bi mi nga xam ne mooy aji-ramm ji ëllëg bis pénc

ca biir gaa ñu tedd ña, Yal na ko Yàlla dolli xéewal Yàlla mi

nga xam ne Mooy Aji-Faj di Aji-Saafara, te Moo saafara gaa

ñu baax ñi ci wor ak pexey bakkan.

75- Yónnent bi mi nga xam ne ngëneelam amul fenn fu mu

yam ba fàww, Yal na Yàlla dolli ci moom xéewal Yàlla mi

nga xam ne Aji-Jubal la, te moo jubal gaa ñu baax ñi jëme

leen ci yoon wa sax ci ag njub.

76- Yónnent bi mi nga xam ne moom la Yàlla teral, def ko mu

gën ci bindeef yépp, Yal na dolli ci moom ay xéewal Yàlla mi

nga xam ne moo man a may nit, ba mu doyal sëkk, moom

mi nga xam ne moo fay gaa ñu baax ñi ngën ji ay yiw.

77- Yal na jàmm ak gën jaa selli xéewal di nekk ci Yónnent bi

moom ak ay ñoñam ñoom ña nga xam ne ay sang lañu, ci

waxtu wu nekk.

78- Ngërëmal sunu Boroom Yal na nekk ci sahaabay Yónnent

bi ak sang yu baax yépp, Yàlla miy boroom suuf yi ak asamaan

yi.

Moor Suraŋ